

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Hirup huripna basa téh sajalan jeung hirup huripna masarakat anu maké éta basa. Beuki *kompleks* kahirupan masarakat basa beuki *kompleks* ogé basa anu aya. Hal éta disababkeun basa mangrupa pakakas ucap pikeun manusa dina komunikasi anu salasahijina mibanda karakter anu arbitré, maksudna hubungan antara lambang sora jeung acuanana henteu logis atawa sakarep panyaturna (Sudaryat, 2004:7). Basa ogé mangrupa unsur budaya anu dinamis, anu tuluy mekar saluyu jeung kamekaran jaman anu karandapan ku manusa.

Jaman kiwari anu sok disebut jaman globalisasi (*globalization era*) gedé pangaruhna kana basa anu aya di masarakat, hal éta bisa katitén tina basa-basa anu dikenalkeun jeung diajarkeun ka masarakat boh sacara formal boh sacara informal. Sacara formal basa kadua diajarkeun di sakola-sakola atawa lembaga-lembaga atikan, lain basa nasional wungkul tapi nepi ka basa deungeun saperti basa Inggris, Jepang, Prancis, Jerman, Arab, Mandarin, jeung sajabana gumantung kawijakan sakola. Kamampuh makéna basa, dipangaruhan ku tingkat seseringna éta basa dipaké atawa digunakeun dina kagiatan komunikasi. Beuki sering hiji basa dipaké beuki hadé ogé kamampuh dina maké éta basa.

Kiwari loba kajadian boh anu katingali boh anu kadéngé, masarakat basa utamana para rumaja dina komunikasi atawa campur gaulna maké basa anu pacampur. Misalna baé anu urang Sunda dina ngobrol téh sok kaselapan basa

séjén boh basa Indonesia boh basa deungeun anu dipikanyahona. Hal éta tangtuna bisa ngabalukarkeun kakacowan basa, misalna kamungkinanana basa kahiji (B1) anu geus dikawasa kaséséréd ku basa kadua (B2) anu keur dipikaweruh lamun seugna lolongkrang dina maké basa kadua leuwih lega ti batan basa kahiji. Lain hal éta baé, tapi kandaga kecap atawa pola makéna basa ogé bisa pacampur atawa kacow. Kajadian atawa fénoména anu saperti kitu dina élmu sosiolinguistik disebut campur kode anu mangrupa akibat tina ayana kontak basa. Hal éta luyu jeung sawangan Suwito (1996:96) anu ngungkarakeun “campur kode mangrupa makéna dua basa atawa leuwih sarta ngasupkeun unsur basa anu hiji kana basa séjén sacara konsistén.”

Campur kode anu ngalibetkeun sababaraha basa dina komunikasi hiji jalma bisa nuduhkeun yén éta jalma téh dwibasawan (bilingual). Saurang dwibasawan diajar basa sacara ngaruntut, dina harti yén hiji basa dikawasa saméméh basa séjénna. Bangsa Indonesia anu mangrupa nagara multietnis tangtuna mikawanooh sarta ngagunakeun basa leuwih ti hiji. Salasahijina urang Sunda anu mikawanooh jeung ngagunakeun basa daerah jeung basa nasional atawa basa persatuan dina hirup kumbuhna di masarakat. Basa daerah sok disebut B1 sedengkeun basa nasional atawa basa séjén sok disebut B2.

Salasahiji kelompok dwibasawan nya éta budak sakola, sabab di sakola éta budak tangtuna diajar basa leuwih ti hiji. Ti mimiti basa daerah, basa nasional, nepi ka basa deungeun diajarkeun di sakola. Hal éta muka lolongkrang pikeun siswa dina mikawanooh jeung ngawasa basa anu diajarkeun. Ku ayana, kompléksitas basa anu diajarkeun bisa ngabalukarkeun munculna kakacowan

basa, lamun éta siswa acan bener-bener weruh kana sakabéh basa anu diajarkeun jeung dipaké di lingkungan sakolana. Misalna baé, basa Sunda kapangaruhan ku basa Indonesia atawa sabalikna. Titénan sempalan paguneman budak sakola anu kungsi kadéngé ku panalungtik, “*Udah waé lah, lieur! Engké eusina tanyain ka nu bisa!*”. Éta sempalan nuduhkeun ayana gejala campur kode tina basa Indonesia kana basa Sunda.

Diajarkeunana basa séjén salian ti basa daerah bisa nambah kagéngsi siswa dina maké basa, nepi ka aya anu nganggap lamun maké basa Indonesia atawa basa deungeun téh kaasup jalma anu gaul, hartina lamun maké basa daerah kaasup jalma anu tinggaleun jaman. Sawangan anu saperti kitu, sok muncul di lingkungan rumaja saperti barudak SMA. Komo, lamun éta sakola aya di dayeuh (kota), sawangan siswa kana basa anu digunakeun dina campur gaul téh sok dipilihán, sangkan katitén jalma *terpelajar* atawa henteu tinggaleun jaman. Padahal pangajaran multibasa anu bener nepi ka kakawasa ku anu diajarna, sabenerna hadé pikeun kamekaran basa dina nyanghareupan jaman anu beuki kompleks.

Dumasar kana hal anu diébréhkeun di luhur, kiwari loba sakola anu ngayakeun kelas internasional anu tujuanana pikeun ngalegaan kaweruh siswa dina élmu pangaweruh anu disajajarkeun jeung kamekaran atikan di dunya luar. Salasahiji sakola anu miboga kelas Rintisan Sekolah Bertaraf Internasional (RSBI) nya éta SMA Pasundan 1 Bandung anu lokasina aya di dayeuh Bandung. Di éta sakola, aya pangajaran basa anu leuwih ti hiji sarta mimiti maké basa deungeun minangka basa panganteur diajarna. Hal éta, tangtuna mangaruhun kana basa anu dipiboga saméméhna ku siswa. Luyu jeung sawangan anu nyebutkeun

yén “seorang dwibahasawan memperoleh bahasa secara berurutan, dalam pengertian bahwa satu bahasa dikuasai sebelum bahasa lainnya” (Alwasilah, 1985:72).

Dumasar kana éta hal, panalungtik hayang maluruh kagiatan campur kode di lingkungan sakola hususna dina paguneman siswa RSBI SMA Pasundan 1 Bandung. Panalungtikan dilaksanakeun dina pangajaran basa Sunda dina matéri paguneman anu tangtuna luyu jeung standar kompetensi anu aya dina kurikulum hususna aspek nyarita. Panalungtik niténan campur kode anu muncul, naon anu ngabalukarkeun munculna campur kode sarta néangan solusina. Najan éta kajadian bisa dianggap biasa, tapi sabenerna lamun diantepkeun bisa ngabalukarkeun kakacowan basa nepi ka basa anu aya teu luyu jeung kaéda-kaéda kabasaan. Salian ti éta, bisa ngancam kana hirup huripna basa daerah (B1) hususna basa Sunda anu sakuduna dipiara tur dimumulé ku urang, kaasup ku panalungtik sorangan anu baris jadi guru basa Sunda. Ku kituna, panalungtik miboga rasa tanggung jawab sangkan bisa miara basa Sunda di lingkungan atikan hususna siswa, umumna masarakat anu matuh di wewengkon Jawa Barat ku cara ngayakeun ieu panalungtikan.

Aya sababaraha panalungtikan anu dina wangun karya tulis saperti skripsi, medar ngeunaan kontak basa anu jadi salahsiji faktor lumangsungna campur basa di masarakat. Lobana karya tulis anu nalungtik pasualan ngeunaan basa téh dikasangtukangan ku ayana hiji kondisi dimana loba masarakat atawa individu anu maké basa leuwih ti hiji sacara babarengan. Ku ayana éta pasualan, loba panalungtik anu nalungtik ngeunaan kontak basa saperti campur kode, alih kode,

integrasi, jsb. dina situasi anu béda. Sawatara conto skripsi meunang Nursintawati (2008) anu judulna “Campur Kode Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung” anu medar kumaha inténsitas, wangun kecap, jeung faktor anu paling mangaruh dina lumangsungna campur kode di kalangan siswa. Éta skripsi téh dikasangtukangan ku para siswa anu kaasup dwibasawan anu kamingkinan gedéna sok lumangsung kagiatan campur kode. Analisis data campur kode dina naskah biantara diwatesanan kana tataran morfologi. Salian ti éta skripsi anu patali jeung dwibasa nya éta kénging Novéra Yuliana “Pangaruh Dwibasa kana Kamampuh Inteléktual Makéna Basa Murid Kelas Handap SDN Melong Mandiri IV” anu eusina ngadéskripsiéun ngawasa kana kamampuh intelektual siswa.

Supartini dina skripsina “Tilikan Morfologis Campur Kode Sunda-Indonesia dina Pagelaran Seni Banyolan Longsér di STV Bandung (Édisi Januari-Februari 2007)” ngadéskripsiéun prosés morfologis anu nyampak dina pagelaran seni lantaran sok ayana campur kode. Téhnik panalungtikanana studi dokuméntasi, rékaman, jeung transkripsi. Skripsi séjénna anu nalungtik ngeunaan kabasaan téh kénging Rahmasari Aulia Khotimah “Campur Kode Basa Sunda jeung Basa Indonesia dina Kagiatan Diajar di Kelas II SDN Gentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kalér” anu eusina ngadéskripsiéun basa anu dominan pikeun basa panganteur di kelas jeung mikanyaho faktor-faktor anu nyababkeun ayana campur kode basa Sunda ka Basa Indonesia. Métode anu digunakeunana nya éya déskriptif analisis anu maksudna maparkeun hiji pasualan anu ditalungtik sangkan jadi jelas.

Dumasar kana naon anu geus diébréhkeun saméméhna sarta nilik kana skripsi anu ditataan di luhur, anu nalungtik pasualan kabasaan anu muncul di lingkungan masarakat. Ieu panalungtikan ogé, dikasangtukangan ku ayana masalah kabasaan di lingkungan kelompok masarakat sakola anu sok maké basa sacara pacampur. Tapi ieu panalungtikan, leuwih kana campur kode anu aya dina prakték paguneman siswa dina pangajaran basa Sunda (matéri paguneman), sabab musabab lumangsungna campur kode, jeung néang solusi pikeun nyingkahanana ku cara maluruh sasaruaanana dina basa Sunda. Ku kituna, pikeun nalungtik ngeunaan masalah kabasaan di lingkungan siswa, panalungtik ngabantun judul panalungtikan “Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung”. Anu dipiharep dina ieu panalungtikan téh nya éta ayana pangaweruh ngeunaan kontak basa anu ngaakibatkeun ayana bilingualisme ti individu atawa kelompok masarakat kiwari. Bisa leuwih jembar kaweruh kana kanyataan anu aya atawa anu lumangsung di masarakat utamana di dunya atikan anu baris dilakonan ku panalungtik sorangan.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Ieu panalungtikan diwengku ku watesan jeung rumusan masalah anu ditétélakeun di handap ieu:

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngawatesan masalah sangkan pedaran masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahana. Ku kituna, masalah nu dibahas dina ieu panalungtikan téh nya éta lumangsungna campur kode dina

paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung taun ajar 2010/2011.

Ditilik tina wanda, faktor anu ngabalukarkeunana, jeung sasaruuan anu jadi solusina.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung watesan masalah anu dijéntrékeun, panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah di antarana nya éta:

- (1) Kumaha kasang tukang basa sapopoé anu dipaké ku siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung?
- (2) Campur kode naon waé anu aya dina paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung? Kumaha inténsitas munculna campur kode?
- (3) Kumaha pangaruh basa séjén kana basa Sunda dina éta paguneman?
- (4) Naon anu jadi faktor ngalantarankeun lumangsungna campur kode dina paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung?
- (5) Naha sakabéh campur kode anu muncul aya sasaruuanana dina basa Sunda?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Unggal panalungtikan tangtuna miboga tujuan séwang-séwangan boh tujuan tujuan umum boh tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta maluruh sajauh mana masalah kabasaan anu lumangsung di masarakat (lingkungan rumaja) anu keur meumeujeuhna ngaéksplorasi basa anu dipakéna.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Nu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta ngajawab sakabéh pasualan tina anu geus dirumuskeun, di antarana:

- (1) ngagambarkeun kasang tukang basa sapopoé siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung;
- (2) ngadéskripsikeun campur kode jeung inténsitasna anu lumangsung dina paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung;
- (3) ngadéskripsikeun pangaruh basa séjén kana basa Sunda dina paguneman siswa;
- (4) maluruh faktor anu ngalantarankeun lumangsungna campur kode dina paguneman
- (5) nerangkeun aya henteuna sasaruuan campur kode anu lumangsung kana basa Sunda.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan tangtuna miboga mangpaat pikeun urang salaku masarakat sosial anu henteu jauh tina basa. Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi kana mangpaat nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun dunya atikan jeung masarakat umum. Utamana pikeun pangajaran basa Sunda dina kaparigelan nyarita basa Sunda, salasaihijina ngalarapkeun makéna basa dina

paguneman. Salian ti éta aya mangpaat séjénna anu dipiharep dina ieu panalungtikan, di antarana:

- (1) ngajembaran élmu sosiolinguistik, méré pangaweruh kana studi ngeunaan campur kode;
- (2) bisa mikanyaho kana kaayaan dwibasawan di lingkungan sakola anu tangtuna bisa jeung ngarti kana basa leuwih ti hiji basa;
- (3) bisa jadi bahan rujukan basa panganteur nalika ngajar di sakola dina nepikeun kabasaan;
- (4) bisa digunakeun minangka bahan pangajaran di sakola hususna kandaga kecap atawa kabeungharan basa; jeung
- (5) leuwih ngeuyeuban wawasan pikeun *pemerhati* basa, dina wawasan ngeunaan kabasaan jeung bahan babandingan dina panalungtikan nu saterusna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun:

- (1) Guru

Tétéla nu dimaksud dina ieu panalungtikan pikeun sakabéh guru basa Sunda kaasup panalungtik sorangan, sangkan leuwih ngeuyeuban pangaweruhna dina nepikeun pangajaran basa Sunda salasahijina maké basa panganteur anu hadé anu bisa dipikaharti ku siswa, anu antukna bisa nambahán kandaga kecap nu dipiboga ku siswa. Sacara henteu langsung bisa ngamumulé jeung mekarkeun basa Sunda di dunya atikan hususna di lingkungan sakola.

## (2) Siswa

Siswa dipiharep sangkan leuwih bisa ngalarapkeun sasaruuan basa séjén kana basa Sunda dina ngalaksanakeun paguneman, ogé ngeuyeuban kandaga kecap anu dipikawanohna. Salian ti éta, sangkan biasa maké basa Sunda dina paguneman anu batur gunemna ngarti basa Sunda.

## (3) Umum

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun sarta ngeuyeuban pangaweruh masarakat umum ngeunaan pentingna ngamumulé jeung ngamekarkeun basa Sunda minangka salahiji basa indung anu aya di Indonesia. Sabab sabenerna basa bisa hirup hurip mun tuluy dipaké ku masarakat basana. Pikeun nu ngarti basa Sunda, tétéla basa séjén miboga sasaruuan dina basa Sunda, sanajan henteu salawasna. Tapi salila éta basa aya sasaruaanana, saméméh maké basa séjén dipiharep pada maké basa Sunda heula.

### **1.5 Wangenan Istilah**

Sangkan dina medar ieu panalungtikan bisa ngaguluyur tur dipikaharti ku anu lian, panalungtik baris ngajéntrékeun istilah anu dipaké dina judul panalungtikan diantarana:

- (1) Campur kode nya éta dipakéna hiji basa kana basa séjén pikeun ngalegaan gaya basa atawa ragam basa kaasup dina maké kecap, klausa, idiom, *sapaan*, jsb. Nurutkeun Suwito (1996:96) campur kode mangrupa makéna dua basa atawa leuwih sarta ngasupkeun unsur basa anu hiji kana basa séjén sacara konsistén.

- (2) Paguneman nya éta unit pangjembarna dina kagiatan makéna basa antara diri urang panyatur jeung nu séjén atawa lobaan, boh lisan boh tulisan, sarta mibanda sipat interaksional lantaran nu dipentingkeunana komunikasi timbal balik (Sudaryat, 2005:114).
- (3) RSBI singgetan tina Rintisan Sekolah Bertaraf Internasional, nalika diajar basa panganteurna bilingual ,umumna maké basa deungeun saperti basa Inggris.

### **1.6 Anggapan Dasar**

Dina ieu panalungtikan mibanda sawangan anu bisa dijadikeun anggapan dasar, di antarana:

- (1) Hiji basa bisa mangaruhan basa séjén anu ngabalukarkeun ayana kontak basa.
- (2) Basa téh arbitré, lantaran hubungan antara lambang sora jeung acuanana henteu logis, sakarep panyaturna. (Sudaryat, 2004:7)
- (3) Basa mangrupa salahiji unsur budaya anu sifatna dinamis. Lantaran basa téh kabeungkeut tur pakait jeung manusa, sedengkeun dina kahirupanna di jero masarakat kagiatan manusa terus robah, ku kituna basa ogé milu robah, teu statis. (Chaér, 2007: 53)
- (4) Basa minangka alat komunikasi miboga dua aspék, nya éta aspék linguistik (tataran fonologis, morfologis, jeung sintaksis) jeung aspék nonlinguistik atawa paralinguistik (kualitas ujaran, unsur suprasegmental, jarak/réngkak awak, jeung *rabaan*). (Sudaryat, 2005: 7)

- (5) Pangajaran paguneman kaunggel dina SKKD anu unina siswa bisa ngalaksanakeun paguneman dina sababaraha situasi.

### **1.7 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dipikabutuh pikeun ngadadarkeun masalah dina hiji panalungtikan sangkan leuwih ngaruntut raut jeung jelas. Tulisan anu sistematis bisa mantuan nu maca dina maham hasil panalungtikan. Ku kituna, raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku kana lima bab. Bab I Bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II ngawengku tiori-tiori anu sacara langsung patali jeung pasualan anu ditalungtik salaku tatapakan dina hiji panalungtikan. Bab III Metode Panalungtikan anu ngawengku metode jeung téhnik ngumpulkeun data. Bab IV Déskripsi jeung Analisis Hasil Panalungtikan anu baris ngajawab pasualan anu geus dirumuskeun dina bab kahiji. Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi anu mangrupa bab pamungkas.